

76
GENTÈNG

Gentèng Banyuwangi, Gentèng omahé mitraku
ing lataré kang jembar naté dak-nggo ajar mlaku
angin kang nakal
miyak rokku kang ora nganggo suwal
aḍuh, aku isih cilik, bu.

Bis sepisanan wis teka nggawa warta
mitraku wis ana kang dadi sarjana sujana
nggawa kenya putih, kenya saka negara Landa
ambuné apek, jaré hipis kang wis dadi ranḍa
aḍuh, aku wis adiwasa, bu.

Uripku kaya wong lelungan
nalika aku njaluk surat ing kecamatan
isih dak-rungu swarané paman Doblång:
— Sumi, apa Gentèng wis kentèkan wong lanang
kok kowé menyang Jakarta kepilut-pulutan?

Ah, aku saiki bali, aku bali
sing ana ing awakku mung kari siji
urip apa mati, ing Gentèng Banyuwangi
awit aku palanyah kang wis ora kebiji
aḍuh, aku wis ra suci, bi.

Manuk prenjak, Manuk gagak
apa isih ana arak, ana towak
apa isih ana swara kang kepénak
kanggo si Sumi wanitamu kang ketlarak
adol awak ing kuṭa buṭak?

Manuk gagak, Manuk prenjak
aḍuh, si Sumi wis dadi cagak.

Suripan Sadi Hutomo
(in: Jaya Baya no. 11, November 1974).